



Pou Piblikasyon Imedya: 04/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ONORE MEMWA 21 PONPYE NEW YORK KI MOURI

Semèn Prevansyon Ensandi ak Jounen Apresyasyon Ponpye deklare pou onore ewo ki ap konbat ensandi New York yo

Eta a ap grave non 21 ponpye ki mouri nan mi memoryal la

Pwopriyete Eta a yo ap limen an wouj aswè a pou onore ponpye ki mouri yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo pral ajoute 21 non nan Mi Memoryal Ponpye ki Mouri Eta New York (New York State Fallen Firefighters Memorial Wall) la nan Empire State Plaza a pou onore memwa ak ewoyis premye sekouris yo ki te bay lavi yo nan egzèsis fonksyon yo a. Ofisyèl Eta a yo rekonèt anyèlman ponpye Eta a ki te mouri yo avèk yon seremoni nan Mi Memoryal Ponpye ki Mouri yo nan Empire State Plaza la nan Albany. Akòz pandemi an, yo te kreye yon [videyo](#) omaj pou ponpye yo onore yo ak fanmi yo. Yo pral envite fanmi tout ponpye yo onore an 2020 an pou patisipe nan 24yèm Memoryal pou Ponpye ki Mouri (24th Annual Fallen Firefighters Memorial) yo an 2021 dekwa pou yo kapab montre rekonesans pou pwòch yo a nan yon seremoni tradisyonèl an pèsòn.

"Chak nan venteyen brav Nouyòkè sa yo te reponn ak apèl la epi yo te fè sakrifis iltim lan nan pwoteje kominote ak rezidan yo desèvi yo. Se devwa nou pou nou onore bravou ak eritaj yo a pèpetuite", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk non yo enskri sou mi sa a, nou angaje nou pou nou pa janm bliye aksyon ewoyik yo a epi nou pwomèt pou nou sonje eritaj yo a."

Anplis de sa, Gouvè Cuomo te bay enstriksyon pou pwopriyete Eta a ak batiman anblematik yo limen an wouj aswè a pou onore ponpye New York yo, nan rejwenn yon omaj "[Klere Nwit \(Light the Night\)](#)" nasyonal ki ap fèt nan tout peyi a. Pozisyon sa yo gen ladan:

- One World Trade Center;
- Pon Mario M. Cuomo an;
- Pon Kosciuszko;
- Batiman Administrayon SUNY an;
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building);
- Batiman Biwo Alfred E. Smith State (Alfred E. Smith State Office Building) la;

- Pòtay Prensipal Teren Fwa ak Sant Ekspozisyon Eta (State Fairgrounds Main Gate & Expo Center) a;
- Niagara Falls;
- Pon Mid-Hudson (Mid-Hudson Bridge) lan;
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a; ak
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)

"Nan New York, nou fyè pou nou onore eritaj gason ak fanm yo ki te fè fas ak danje inimaginab yo avèk yon kouraj enkwayab", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Ane sa, nou ajoute 21 non nan Memoryal Ponpye ki Mouri yo, epi chak istwa yo a sèvi kòm yon temwanyaj pou ewoyis ki fè pati lavi kotidyen moun ki ap reponn apèl epi ki mete inifòm yo. Nou onore kouraj yo, epi kouraj ak sakrifis fanmi yo ak pwòch yo fè."

Ou kapab jwenn moun yo ajoute sou mi a ane sa a anliy [isit la](#).

Avèk ajou non 21 ponpye ki mouri yo, Memoryal Ponpye ki Mouri yo onore kounye a 2,596 moun ki te pèdi lavi yo nan yo nan egzèsis fonksyon. Memoryal Ponpye ki Mouri an, ke yo te dedikase an 1998, onore memwa ak bravou ponpye New York ki mouri yo chak mwa oktòb. Memoryal la rann omaj tou pou plis pase 100,000 ponpye aktif Eta New York ki riske lavi yo chak jou pou pwoteje Nouyòkè yo.

Gouvènè Cuomo te pibliye tou jodi a de (2) pwoklamasyon pou onore ponpye de karyè ak volontè Eta a yo, ki make semèn 4 rive 10 oktòb 2020 an, kòm Semèn Prevansyon Ensandi (Fire Prevention Week) ak 8 oktòb 2020, kòm Jounen Apresyasyon Ponpye (Firefighter Appreciation Day) yo. Chak jou, Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi Eta New York (New York State Office of Fire Prevention and Control) la travay an patenarya avèk Asosyasyon Prevansyon Ensandi Nasyonal (National Fire Prevention Association) la pou bay enfòmasyon ak pwogram sou enpòtans sansibilizasyon sou sekirite ensandi.

Nan ane 2019, depatman ponpye yo nan tout Eta a te reponn ak apwoksimativman 1,550,000 ensidan oswa 129,167 ensidan pa mwa, 4,247 ensidan pa jou ak twa ensidan chak minit.

Komisè Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la, Patrick A. Murphy te deklare, "Jodi a, nou ap onore ewo brav nou yo ki te peye pri iltim lan nan sèvi konpatiyòt New York yo, pwòch yo, ak kominote yo. Kòm nou kanpe avèk kominote ak pwòch yo a nan onore 21 nanm sa yo, nou pa dwe janm bliye kouraj ak devouman yo a ke, kòm Nouyòkè, ta dwe enspire nou ta dwe pran pou egzanp".

Administratè Ponpye Eta New York la, Francis Nerney, te deklare: "Pandan COVID-19 la ap anpeche nou kenbe seremoni tradisyonèl la, li pap anpeche nou onore 21 nanm brav sa yo ke yo ap grave nan Mi Memoryal Ponpye ki Mouri Eta New York la epi li pap anpeche nou kanpe ak fanmi yo pandan yo ap pote dèy pou pèt yo a. Nou pap

janm bliye nanm brav sa yo ki te angaje yo totalman pou pwoteje kominote yo a pandan moman ki pi difisil yo".

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Nou dwe gason ak fanm brav sèvis ponpye nou yo anpil gratitud. Kondoleyans sinsè mwen ale jwenn fanmi ak zanmi 21 ponpye ki mouri ke yo pral enskri non yo sou Memoryal Ponpye ki Mouri yo ane sa a, epi pwòch tout ponpye ewoyik New York yo ke yo te ajoute nan memoryal la avan yo. Mwen vle rekonèt espesyalman sakrifis Robert A. Mentrasti, yon rezidan Hartsdale, ki te yon premye sekouris nan Nivo Zewo (Ground Zero) epi li te pèdi lavi li nan kansè ki gen rapò ak 11/9 an 2017. Mèsi ak pi brav pami nou yo".

Lidè Minorite Sena a, Robert G. Ort te deklare, "Moun brav sa yo se ewo ki te fè sakrifis iltim lan nan sèvi kominote yo te renmen ak apresye a, epi zak kouraj sa yo se bagay nou pral toujou rekonesan pou yo. Lè lòt yo te kouri lwen pou danje a, 21 moun sa yo te kouri nan direksyon li epi yo plase devwa yo fè sèman pou li a sou pwòp pwoteksyon ak sekirite yo. Lè nou plase yo sou Mi Memoryal Ponpye ki Mouri Eta New York la, nou ap demontre fanmi ke yo neglije yo ak kominote premye sekouris la ke nou pap janm bliye yo".

Prezidan Asanble a, Carl Heastie te deklare, "Byenke pandemi COVID-19 la gendwa anpeche nou rasanble pou komemore ewo ki mouri sa yo ane a, li te montre tou jis kijan nou gen chans dèske nou gen sèvis dezenterese yo a. Lontan avan pandemi mondyal sa a, gason ak fanm brav sa yo te riske lavi yo jou apre jou pou pwoteksyon nou, epi anpil nan yo te fè sakrifis iltim lan pou yo pwoteje kominote nou an. Kounye a plis pase jamè, nou rekonesan etènèlman pou sèvis ak sakrifis yo a, pa sèlman ponpye ewoyik sa yo, men tou fanmi yo ak pwòch yo".

Will Barclay, Lidè Minorite Asanble a, te deklare, "Ponpye New York yo ap premye sekouris yo te toujou mete bezwen vwazen ak kominote yo sou pwòp bezwen pa yo. Twòp nan moun brav sa yo te fè sa lè yo te fè sakrifis iltim lan, epi pou sa nou dwe yo yon dèt gratitud ke nou pap ka janm remèt yo. Pandan nou ap onore memwa 21 ewo ki mouri ke yo pral ajoute non yo nan memoryal la, chak nan nou ta dwe pran tan pou reflechi sou devouman san fay yo a pou rann lavi nou pi byen ak rann kominote nou an plis an sekirite".

Prezidan Asosyasyon Chèf Ensandi Eta New York (New York State Association of Fire Chiefs) yo, Chèf Lee Shurtleff, te deklare, "Pandan moman ki pi difisil sa yo, manm sèvis ensandi yo nan tout Eta New York la ini pou rann omaj ak kòlèg nou yo ki te fè sakrifis siprèm lan nan egzèsis fonksyon an. Nou salye tou fanmi ponpye ki mouri yo pou nou asire ke yo pral toujou onore pwòch yo".

Prezidan Asosyasyon Ponpye Eta New York (Fireman's Association of the State of New York) la, John P. Farrell, Jr., te deklare, "Gason ak fanm sèvis ensandi New York se pwofesyonèl devwe ki pa ezite mete pwoteksyon yo an danje. Malerezman, angajman sa a pou pwoteje kominote yo a pafwa gen kòm rezilta ke yo fè sakrifis iltim

lan. Ane sa a nou onore 21 nan frè ak sè ki mouri nou yo men yo pral toujou rete nan kè ak panse nou".

Prezidan Asosyasyon Ponpye Pwofesyonèl NYS (NYS Professional Fire Fighters Association) la, Samuel Fresina, te deklare, "Onon Asosyasyon Ponpye Pwofesyonèl Eta New York la, n ap onore memwa frè ak sè nou yo ki mouri pandan yo t ap sèvi tout Nouyòkè yo. Nou p ap janm bliye bravou ak sakrifis yo te fè nan egzèsis fonksyon yo. Y ap kontinye viv nan kè nou pou toutan".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)